

**JAM'IIYAH**  
**THORIQOH ANNAQSYABANDIYAH**  
**ALMUJADDADIYAH ALKHOLIDIYAH PUSAT SOKARAJA**

Alamat: Jln.Imam Bonjol 404 Telp.0281-7911114  
**SOKARAJA PURWOKERTO 53181**

Senin Wage 26 September 2016

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

فلا شيء أشد وأضر على الإنسان في الدنيا والآخرة  
من الذنوب ، ولا يكاد يخلص إليه سوء ولا يناله مكروه إلا من  
جهتها ، قال الله تعالى : ﴿ وَمَا أَصَابَكُمْ مِنْ مُصِيبَةٍ فَبِمَا  
كَسَبْتُمْ أَيْدِيكُمْ ﴾ [الشورى : ٤٢ / ٣٠] .

Maka mboten wonten perkawis ingkang langkung awon lan bebayani tumrap manungsa wonten ngalam dunya lan akhirat tinimabang saking pinten-pinten dosa, méh méh mboten dugi keawonan dateng piyambakipun lan mboten angsal perkawis ingkang sinengitan kejawi namung sangking arahipun dosa. Gusti Alloh Ta'ala ngendika : Lan apa bahe kang ngenani kowe kabeh saking musibah iku sebab apa kang dikasab/dilakoni dening tanganiro kabeh.(QS al-Syuro/42:30).

فينبغي للمؤمن أن يكون على نهاية الاحتراز منها ، وفي  
غاية البعد عنها ، وإن أصاب منها شيئاً فليبادر بالتوبة منه  
إلى الله ، فإنه تعالى يقبل التوبة عن عباده ويعفو عن السيئات  
ويعلم ما تفعلون . ومن لم يتب فأولئك هم الظالمون ، ظلموا  
أنفسهم فعرضوها لسخط الله بالوقوع في معصيته ، ثم بالإصرار  
عليها بتركهم التوبة منها التي أمرهم ربهم بها ووعدهم  
بقبولها ، ووصف نفسه بذلك فقال تعالى : ﴿ غَافِرِ الذَّنْبِ وَقَابِلِ  
التَّوْبِ شَدِيدِ الْعِقَابِ ذِي الطَّوْلِ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ إِلَهُ الْمَصِيرِ ﴾ [غافر :

[٣ / ٤٠]

Mangka sayogyanipun tumrap tiyang mukmin sanget-sanget enggen njagi lan nebihi saking dosa, lan saumpamiya ngelampahi sekedik saking dosa, enggal-enggalo mertobat dateng Gusti Alloh, Maka sayektosipun Gusti Alloh Ta'ala punika kersa nampi taubat saking para kawulanipun , kersa paring pangapunten lan ngudaneni punapa ingkang dipun lampahi dening para kawulanipun. Lan sasintena tiyang ingkang mboten purun taubat, maka piyambakipun kalebet ewoning tiyang ingkang dzalim(damel kaniaya), damel kaniaya dateng sliranipunipun piyambak, maka piyambakipun sami ngadepaken sliranipun dateng bebendunipun Alloh kanthi tumiba salebetipun durhaka/maksiyat dateng Alloh, nuli netepi maksiyat kanthi nilar taubat ingkang dipun dawuhaken dening Gusti Alloh lan njanjeni narima taubatipun. Alloh anyifati dzatipun kanthi mekaten (narima taubat), Panjenganipun Gusti Alloh ta'ala ngendika : Dzat kang ngapurani dosa lan kang narima taubat, kang banget tatrane, kang kagungan anugrah, ora ana pangeran kejaba namung panjenengane (gusti Alloh) lan maring panjenengane panggonan bali [QS.Ghofir/40:3].

وقال علي بن أبي طالب - كرم الله وجهه - : إن الله في الأرض آنيةً ألا وهي القلوب ، فخيرها أصفها وأصلبها وأرقها . ثم فسر ذلك فقال : أصفها في اليقين ، وأصلبها في الدين ، وأرقها على المؤمنين .

Lan sampun ngendika sohabat Ali bin Abi Tholib Karomallohu Wajhahu: Temen satuhune gusti Alloh nang bumi iku kagungan wadah, elinga ya iku ati. Mangka utawi bagus-baguse ati, iku ati kang paling bening, paling atos lan paling tipis. Lajeng panjenenganipun (sohabat Ali) njelasaken pangendikanipun kala wahu, panjene nganipun ngendika: Ati kang paling bening ing dalem keyakinan, ati kang paling atos ing dalem (olehe gondelan) agama lan ati kang paling tipis (olehe welas) maring wong-wong mukmin.

قلت : واليقين عبارة عن تمكن الإيمان من القلب واستيلائه عليه ، وهو الطمانينة التي سألها إبراهيم عليه السلام ربه فيما أخبر عنه بقوله : ﴿ قَالَ أَوْلَمْ تُؤْمِنُوا قَال بَلَىٰ وَلَكِنْ لِيَطْمَئِنَّ قُلُوبُنَا ﴾ [البقرة : ٢/٢٦٠] .

Ingsun ngendika: Lan ingkang kawestanan yakin punika ibarat (tepatulada) saking manggenipun iman saking manah lan enggenipun iman nguwasani manah kala wahu. Iman punika ketenangan / tuma'ninah ingkang pun suwun dening Nabi Ibrahim 'alaihi salam dateng Pangeranipun, miderek katerangan ingkang dipun wertakaken dening Gusti Alloh kanthi dawuhipun : Gusti Alloh ngendika, "apa sira ora iman ?", Nabi Ibrahim matur: " Injih kula iman, ananging supados tuma'ninah (anteng) manah kula".[QS.al-baqoroh/2:260].

فبان من هذا أن اليقين غاية الإيمان ونهايته . وفي الحديث : « اليقين هو الإيمان كله » وما نزل من السماء أشرف من اليقين ، وكفى باليقين غنى . وقال أيضاً عليه الصلاة والسلام : « سلوا الله اليقين والعافية ، فإنه ما أوتي أحد بعد اليقين أفضل من العافية » .

Maka pertela saking katerangan punika, bilih sayektosipun yakin punika wekasan lan tutugipun iman.Lan (dipun terangaken) wonten salah setunggalipun hadits “ Yakin iku sekabehane iman”, lan mboten temurun saking langit perkawis ingkang langkung mulia tinimbang yakin,lan sampun cekap yakin punika enggenipun anyekapi . Lan Kanjeng Nabi Muhammad alaihis sholatu was salam ugi angendika, “ kowe kabeh pada nyuwuna maring gusti Alloh keyakinan lan kewarasan. maka satuhune wong sewiji ora diparingi - sawise pinaringan yakin - perkara kang luwih utama tinimbang kewarasan”.

وأما الصلابة في الدين فهي القوة فيه ، والثبات عليه ، والغيرة له حتى يقول الحق وإن كان مُرّاً ، ولا يخاف في الله لومة لائم . وبذلك وصف الله أجبأه في قوله : ﴿ وَيَقُولُ الَّذِينَ ءَامَنُوا أَهْتُوا بِالَّذِينَ أَقْسَمُوا بِاللَّهِ جَهْدَ أَيْمَانِهِمْ إِنَّهُمْ لَمَعَكُمْ حَبِطَتِ أَعْمَالُهُمْ

فَأَصْبَحُوا خَسِرِينَ ﴿٥٣﴾ يَتَأْتِيهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا مَنْ يَرْتَدَّ مِنْكُمْ عَنْ دِينِهِ فَسَوْفَ يَأْتِي  
 اللَّهُ بِقَوْمٍ يُحِبُّهُمْ وَيُحِبُّونَهُمْ أَذَلُّوا عَلَى الْمُؤْمِنِينَ أَعَزُّوا عَلَى الْكٰفِرِينَ يَجَاهِدُونَ فِي  
 سَبِيلِ اللَّهِ وَلَا يَخَافُونَ لَوْمَةَ لَائِمٍ ؕ ذٰلِكَ فَضْلُ اللَّهِ يُؤْتِيهِ مَن يَشَاءُ وَاللَّهُ وَاسِعٌ  
 عَلِيمٌ ﴿٥٤﴾ . [المائدة : ٥٣-٥٤] .

Wondenten atos salebetipun agami inggih punika kiyat, mantep lan panas baran dateng agami, sahingga kersa ngendikaaken perkawis haq senajan pahit rahosipun. Lan mboten ajrih dateng pemanglohipun tiang ingkang mangloh ing dalem salebetipun medaraken dawuhipun Gusti Alloh.

Kantheni mekatenlah Alloh anyifati para kekasihipun wonten salebetipun dawuh,” Lan ngucap wong-wong kang pada iman, anata samudayane (wong-wong munafik) kang pada sumpah kantheni demi Alloh, temen satuhune dewekne kabeh (wong munafik) iku bebarengan sartane sira kabeh, wis lebur amal-amale, maka dewekne kabeh iku dadi wong kang pada kapitunan kabeh. Hai wong kang pada iman, sapa wonge kang murtad setengah sira kabeh saking agamane, maka mbesuk Alloh bakal nekaaken sewijining kaum kang Alloh demen marang dewekne lan dewekne pada demen maring Gusti Alloh, kang welas marang wong-wong mukmin lan keras marang wong-wong kafir, dewekne kabeh pada berjuang ana ing dalane Gusti Alloh lan ora pada wedi maring pemanglohe wong kang mangloh. Utawi mengkono (rasa demen) iku anugrahe Gusti Alloh kang pinaringan maring wong kang sakersane, Gusti Alloh iku Dzat kang jembar tur Dzat kang ngudaneni. [QS.al-Maidah/5:53-54].

\*\*\*

Ma'khodz : Kitab Nashoihud Diniyyah (hal.52 – 53)  
 Mualif : al-Habieb 'Abdulloh bin Ba'alawie al-Haddad  
 Mutarjim : Syamsul Qodri el-Falaky.